# ÁJINIYAZ QOSÍBAY ULÍNÍŃ 200 JÍLLÍǴÍNA ARNALADÍ

## ӘЖИНИЯЗ ҚОСЫБАЙ УЛЫ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ ҮЙРЕНИЛИЎ ДӘРЕЖЕСИ

**А.П.Ажиниязова –** *стажёр оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** адабиёт, шоир, олим, поэзия, изланиш, илмий тадқиқот.
**Ключевые слова:** литература, поэт, учёный, поэзия, исследования, научные исследования.
**Key words:** literature, poet, scientist, poetry, research, scientific research.

XIX әсирдеги қарақалпақ классик әдебиятының ири ўәкиллериниң бири Әжинияз Қосыбай улы болып, ол әдебиятымызда айрықша орынға ийе, уллы шайырлардың бири. Усы жылы шайырдың туўылғанына 200 жыл толды. Шайыр 1824-жылы Мойнақ районы аймағына қараслы «Қамыс бөгет» деген жерде орта дийхан хожалығында дүньяға келеди. Ол қарақалпақтың Қоңырат арысы ашамайлы урыўының сақыў тийресинен. Әжинияздың әкеси Қосыбай, оның әкеси Балтабек, арғы атасы Ақжигит өз дәўириниң батыр, саўатлы адамлары болған. Анасы Нәзийра сөзге шешен, дилўар, ҳәзир жуўап, өткир пикирли адам болып халық даналықларын, нақыл-мақалларды, ушырма сөзлерди, дәстанларды, терме-толғаўларды, халық қосықларын жүдә жақсы билген. Ол өзиниң қунлы мийнетлери менен тек әдебияттаныў илимине емес, ал, педагогика, дидактика, эстетика, философия сыяқлы бир қанша илимлердиң раўажланыўына үлкен үлес қосты. Шайырдың поэзиялық шығармалары бүгинги күнге шекем бир қанша аспектте изертленди. Атап айтқанда, К.Мәмбетов, Б.Қалимбетов, А.Муртазаев, Қ.Жаримбетов, Б.Генжемуратов, Г.Дәўлетова сыяқлы әдебиятшылар өзлериниң илимий жумысларында баҳалы пикирлер билдиреди.

Ҳәр қандай шайыр өз халқының әдиўли перзенти болып есапланады. Демек, солай екен, ол биринши гезекте өз ўатанын, халқын жырлайды. Бул жыр ямаса қосық оның ең әпиўайы пикирлери емес, бәлки оның халық алдындағы парызы. Соның ушын да ҳәр қандай шайыр өз халқы алдында жуўап береди. Оның барлық қосықлары халыққа бағышланған болып жүрегинен қайнап шыққан жеке толғанyслары менен дөреген. Бундай толғанyслар оның қандай халық екенлигин де билдиреди. «Әжинияз XIX әсирде жасаған қарақалпақ классиклериниң ең оқымыслы ўәкиллериниң бири. Ол талантлы шайыр болыў менен бирге терең билимге де ийе болған билим ҳәм талант оның ҳақыйқый шайыр екенлигин ашып көрсеткен. Демек, Әжинияз қарақалпақ классиклери арасында айрықша тулға. Ол өзи жасаған дәўирде қарақалпақ халық поэзиясы менен күншығыс классиклериниң лирикасы терең синтезлей алған шайыр еди» [1:18] – деп К.Мәмбетов өзиниң илимий көзқарасларын билдиреди. Ҳақыйқатында да, шайыр өзиниң поэзиялық шығармалары арқалы өзиниң даналығын, билимлилигин ҳәм саўатлылығын көрсетеди. Мысалы “Айрылса” қосығын алып қарайық

Ғош йигиттиң дәўлети бар башында,
Ҳәм ағасы, ҳәм иниси қасында,
Ҳәр ким өз елинде, теңи тушында,
Жигит қәдири болмас, елден айрылса.

Шайырдың жоқарыда келтирилген қосық қатары арқалы соны аңлаў мүмкин, ер жигиттиң дәўлети өзиниң елинде екенлигин қосық қатарлары арқалы дәлиллейди. Заманның гәрдиши Ўатанды қандай аҳўалға салмасын, халықтың мәрт азаматлары өзиниң ғамхорлығы, пидәйылығы менен елдиң абатлығы ушын хызмет етиўи лазым. Қанша заманлар өтсе де, туўылған жер, ата мәкән, қәдирдан үлке ел ушын муқаддес болып қалабереди. Бүлбүлзибан шайыр Әжинияз буны өзиниң көркем сөзинде шеберлик пенен көрсете алған.

Әдебияттаныўда шайырдың лирикасының поэтикасын үйренген илимпаз Б.Генжемуратов: «Әжинияз дөреткен лирикалық қосықлар қарақалпақ әдебиятының тарийхына ҳәр қандай жаңа қубылыс сыпатында жаңа бир дүньяны алып келеди» [2:90] деп, шайырдың лирикасындағы өзгешеликке әдил баҳасын билдиреди. Шынында да, шайырдың лирикасында инсанға айрықша жигер бағышлаўшы үлкен күш бардай сезиледи. Өйткени, ҳәрбир қосық қатарында инсанның жан руўхына эстетикалық заўық бағышлаўшы тәсиршеңлик инсанды ерксиз өзине байлайды ҳәм тәсиршеңликти арттырады. Бундай сөз дизбеклеринен шайырдың дурыс пайдалана билиўи оның саўатлылығының анық сәўлеси. Сөзимиздиң дәлили сыпатында шайырдың «Жақсы» қосығын келтирип өтиў орынлы.

Гийне қылып журтты таслап кеткеннен,
Қәдирин билмес жерде хызмет еткеннен,
Жат еллерде мүсәпирлик шеккеннен,
Урып-соғып хорласа да ел жақсы.

“Жақсы” қосығы инсанға тәрбия бериў, оны Ўатанға мүнәсип етип тәрбиялаў бул үлкен машақатты талап етеди. Тәлим ҳәм тәрбия бул бир-биринен ажыратып болмайтуғын бирликлер есапланса, булардың екеўиниң уйғынлығын өзиниң поэзиялық шығармасында бере алған шайыр Әжинияз сөз устасы, шайырлардың султаны деп қаралса орынлы болады. Сөзлердиң сарасынан пайдаланып, инсан жанына еркинлик ҳәм тәрбиялылық бағышлаўшы шайырдың жоқардағы қосық қатарларында туўылған жерге болған инсанның муҳаббаты менен бирге, өмирге болған дурыс тәрбия ҳәм көзқарас анағурлым өз сәўлесин тапқан десек асыра айтқан болмаймыз. Солай екен, шайыр өзиниң поезиясы менен тек қарақалпақ әдебиятында емес, бәлким түркий халықлар әдебиятында да өз орнына ийе екенлигине гүман жоқ.

Белгили илимпаз Б.Қәлимбетов: «Әжинияз өз дәўиринде сол замандағы әдалатсыз дәўирдеги мийнеткеш халықтың аўыр аўҳалын жақсы түсиниў дәрежесине қолы жетти. Ол дүнядағы болған барлық оңбағанлық ҳәрекетлерди өз көзи менен көрди. Ол халық мәпи ушын жан пидә еткен. Ерназар алакөз сыяқлы қарақалпақ халқының ел басқарған бийлерине мақтаныш пенен қарағанлығын» [3:128] өзиниң илимий мийнетинде айрықша атап өтеди. Расында да, шайырдың жасаған дәўири қыйыншылықларға толы дәўирге туўра келди. Басынан өткерген бундай қыйыншылықлар шайырдың терең муңлы, тәсирли қосықларды жазыўына түрткки болды. Шайыр лирикасының ҳәрбир қатарында терең лиризм, өткир тәсиршеңлик сезиледи. Поэзияның өзи инсанға тәсиршеңлик бағышласа, Әжинияз шайырдың қосықлары бизге философиялық қыял, дидактикалық түсиник ҳәм педагогикалық шеберликти аңлатқандай сезиледи.

Қолына қәлем услаған барлығында шайыр деп болмайды. Халықтың ҳәсиретин жырлап, оның турмысы, бүгини ҳәм келешегин ойлап, жасларға терең жигер бағышлап жаратылған шығарма авторларын ғана шайыр, уллы бүлбүлзибан десек болады. Өйткени, бул пикирлеримиздиң бәршеси де Әжинияз шайыр шығармаларына тән қәсийетлер десек асыра айтқан болмаймыз.

Филология илимлериниң докторы Қ.Жәримбетов өзиниң «Ашық Зийўар» мийетинде шайырдың

ашықлық лирикасының жанрлық өзгешеликлерин ҳәм образлар дүньясын кең түрде үйренип шығады. «Әжинияз рәмзий ҳәм тымсаллық образларды тек ғана қосықлардың сыртын сырлаў ушын қолланбайды. Шайыр оларға терең турмыслық, философиялық мәнилер жүклейди, оларды граждaнлық, социаллық мәселелерди (проблемаларды), идеяларды сәўлелендириўде утымлы пайдаланады» [5:39]. Илимпаздың кең түрде үйрениўлерден кейин шығарған бул жуўмағы орынлы. Себеби, шайырдың ашықлық лирикасындағы ҳәрбир қосықтан турмыстың шын мәнидеги көринисин көриўге болады. Әжинияз шайыр өзиниң қосықларын жай сөз бенен жазбастан, онда қандайда бир илаҳий күш бағышлаўшы сөз дизбеклерин пайдаланады. Бул шығармалар қайсы дәўирде алып қаралса да өз қунын жоғалтпаўына исенемиз.

Шайырдың поэзиясы бүгинги күнге шекем илимпазлардың изертлеў обьектинде турғанлығы менен өзгешеленеди. Ол тек әдебиятшылардың емес, тилши илимпазлар, философлар, тарийхшылар, педагоглардыңда изертлеў обьектине айланған. Лирика ҳәр түрли аспектте үйренилген сайын, онда еле де терең пикирлер, жаңа көзқараслар пайда бола береди. Өйткени, шайырдың жаслардың тәлим-тәрбиясына, руўхый дүнья танымына арналған поэзиялық шығармалары ҳеш бир дәўирде де өз қунын жоғалтпайды. Мине, усындай тематикалық өзгешелигине қарай шайырдың лирикасын илимпаз К.Мәмбетов төмендегише бөлип үйренген:

1. Ўатан темасы ҳәм өз дәўирине көзқарас;
2. Философиялық лирика;
3. Дидактикалық лирика;
4. Муҳаббат лирикасы [1:19].

Сондай-ақ, Әжинияздың өз дәўириниң оқымыслы адамларының бири болғанлығы, араб ҳәм парсы тиллерин жақсы өзлестириўи, сол дәўирдиң белгили медреселеринде тәлим алыўы болып есапланады. Бул жағдай оның әдебий тил нормаларын сақлаўында, поэзияға тән болған сөзлерди шеберлик пенен таўып қолланылыўында айқын сезиледи. Ерте дәўирлерде шығыс шайырларының арасында парсы тилинде қосық жазыў үлкен дәстүрге айланған. Усындай дәстүрлер тек қарақалпақ әдебиятында Әжинияз поэзиясында ғана сақланған.

Жуўмақлап айтқанда, Әжинияз Қосыбай улы өз шығармаларында шығыс классиклериниң дәстүрлерин шебер өзлестирген, бул әжайып традицияны қарақалпақ әдебиятына алып кирген көрнекли сөз шеберлериниң бири. Сонлықтан, оның жазған қосық ҳәм поэмалары менен жақыннан таныс болыў, ол туўралы жазылған илимий мийнетлерден хабардар болыў бизлер ушын ҳәм қарыз, ҳәм парыз болып саналады. XIX әсир қарақалпақ әдебиятының көрнекли шайыры Әжинияз Қосыбай улының дөретиўшилиги әдебияттаныў илиминде өзине ылайық баҳасын алып, илимий-теориялық, әдебий-тарийхый, лингвистикалық, философиялық көзқарастан арнаўлы үйрениледи. Шайырдың дөретиўшилиги әдебий мийрас сыпатында кең изертленген.

**Әдебиятлар**


1. Мәмбетов К. Әжинияз. -Нөкис: “Билим”, 1994. 148-б.
2. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы (Көркем сүўретлеў қураллары ҳәм усыллары, қосық қурылысының базы бир мәселелери). - Нөкис: “Билим”, 1997. 100-б.
3. Қалимбетов Б. Әжинияз лирикасы. -Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1981. 128
4. Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты: (Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм творчествосы) Әдебий изертлеў. -Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1988. 120-б.
5. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Әжинияздың ашықлық лирикасының жанрлық өзгешеликлери, образлар дүньясы). - Нөкис: “Билим”, 1998. 40-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада XIX аср қорақалпоқ классик адабиётининг вакили Ажиниёз Қўсибой ўғлининг шериятининг ўрганилиш даражаси ўрганилиб чиқилди. Адабиётшунос олимларнинг илмий тадқиқотлари кўриб, уларга ўз муносабатларимизни билдирдик.

**РЕЗЮМЕ.** В статье исследован уровень изучения шариата сына Ажинияза Косибая, представителя классика каракалпакской литературы XIX века. Ознакомившись с научными исследованиями литературоведов, мы высказали свои отношения с ними.

**SUMMARY.** In the article, the level of study of the sharia of the son of Ajiniyaz Kusibay, a representative of the classic literature of Karakalpak literature of the 19th century, was studied. After seeing the scientific researches of literary scholars, we expressed our relations with them.


## AJINIYOZ LIRIKASIDA BANDLI SHE’R SHAKLLARI


**N.G.Allambergenova –** *filologiya fanlari bo‘yicha falsafa doktori, dotsent*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** she’r, misra, band, murabba’, muxammas, badiiy tasvir vositalari.
**Ключевые слова:** поэма, стих, строфа, «мурабба», «мухаммас», средства художественного изображения.
**Key words:** poem, verse, stanza, murabba', mukhammas, artistic image tools.


Qoraqalpoq mumtoz adabiyotining yirik vakili Ajiniyoz tavalludining 200 yilligini keng nishonlash YUNESKOning xalqaro yubileylar rejasiga kiritilgani hamda muhtaram Prezidentimiz Sh.Mirziyoyevning 2024-yil 16-iyuldagi “Atoqli Qoraqalpoq shoiri va mutafakkiri Ajiniyoz Qo‘siboy o‘g‘li tavalludining 200 yilligini keng nishonlash to‘g‘risida”gi PQ-258-sonli qarori qoraqalpoq mumtoz adabiyoti tarixida muhim o‘ringa ega, o‘z she’rlari bilan qoraqalpoq, o‘zbek, qozoq va turkman xalqlarining azaliy do‘stligiga va adabiy aloqalarining mustahkamlanishiga munosib hissa qo‘shgan gumanist shoir ijodiga davlatimiz va hukumatimizning yuksak ehtiromi namunasidir.

Ajiniyoz (Zevar) 1824-yili hozirgi Mo‘ynoq tumanida tavallud topgan. Dastlab Xo‘jamurod eshon madrasasida ta’lim oladi. Keyinchalik, Elmurod oxun qo‘lida tahsilini davom ettiradi. Ilm va ijod sirlarini o‘rganishga bo‘lgan kuchli ishtiyoqi uni yana bilim olishga undaydi. Shoir o‘z davrining ziyoli insonlari ko‘magi bilan Xivadagi Sherg‘ozi madrasasiga o‘qishga kiradi. Ayrim sabablarga ko‘ra, Qutlimurod inoq madrasasida tahsil oladi. Madrasadagi og‘ir turmush tarzi, moddiy yetishmovchiliklarga qaramasdan ilm olishdan charchamagan Ajiniyoz sharq mumtoz adabiyoti vakillari ijodini qunt bilan o‘rganadi. Ularni o‘ziga ma’naviy ustoz deb biladi. Donishmand shoirlar ijodidagi ezgu an’analrni munosib davom ettiradi.

Sharq mumtoz adabiyotida bandli she’r shakllari musammat deb ataladi. “Musammat (arabcha “marvarid donalarini ipga termoq”) bandli she’rlardir. Musammat deganda musallas, murabba’, muxammas, musaddas, musabba’, musamman, mustasne’ muashshar shakllarining umumiy nomi anglashiladi” [5:141]. E’tibor qilinsa, musammatlarning uchlikdan o‘nlikkacha turlari mavjud bo‘lib, musallas uch bandli she’r shakllariga nisbatan qo‘llaniladi. Murabba’ to‘rt bandli, muxammas besh bandli, musaddas olti bandli, musabba’ yetti bandli, musamman sakkiz bandli, musabba’ to‘qqiz bandli va